

Nouvèl sou Tretman Done Resansman 2020 an

Biwo Resansman Etazini a konte fini ak premye rezilta Resansman 2020 an yo nan jou 30 Avril 2021, selon sa direktè enterimè a Ron Jarmin deklare nan yon [atik blòg](#) (an Anglè) nan jounen 2 Fevriye 2021 an. Premye rezilta ki apibliye a yo ap gen landan yo kalkil total popilasyon pou peyi a, eta (state) yo, Distri Kolonbya (DC) ak Pòtoriko. Kalkil pou konte popilasyon eta (state) yo ap detèmine kantite plas chak eta(state) genyen nan Chanm Reprezantan Etazini a. Rezilta sa yo pap ko gen landan yo repatisyon selon ras oswa orijin etnik; nou ap mete chif estatistik sa yo nan piblikasyon done nou ap fè nan jou k ap vini yo.

Jarmin fè konprann Biwo Resansman an te gen espwa pou li bay rezilta sa yo avan dat 31 Desanm 2020 an. Te gen reta nan orè a akòz pandemi KOVID-19 la epi nou te bezwen bay ase tan pou rezoud pwoblèm nou rankontre lè nou t ap trete done yo. Li fè konprann anpil nan pwoblèm yo se bagay "nòmral" lè w ap trete gwo kantite done epi anpil lòt pwoblèm te vin pi mal akòz pandemi a. Kèk nan pwoblèm yo kapab gen gwo enpak sou pwogram konte moun nan kominote kote moun sa yo abite yo, kidonk Jarmin di Biwo Resansman an ap prete atansyon lè li ap fè rechèch epi korije tout pwoblèm li jwenn. Li fè konnen objektif Biwo Resansman an se pou li pwodui yon resansman konplè epi egzat – yon resansman ki konte tout moun ki ap viv nan peyi Etazini yon sèl fwa, sèlman yon sèl fwa, epi nan kote yo abite a.

Jarmin di tou Biwo Resansman an ap kontinye bay nouvèl sou nivo kalite Resansman 2020 an, tankou analiz ekspè ekstèn fè. Li di efò sa yo ap bay piblik la yon kout je dèyè rido nou pako janm wè sou Resansman 2020 an epi sa dwe bay moun plis konfyans lè yo ap itilize rezilta Resansman 2020 an yo.